



UNIVERSITE NOTRE DAME D'HAÏTI(UNDH)

**FACULTE DES LETTRES ET DES SCIENCES HUMAINE
(FLESH)**

DEVOIR FINAL DANS LE CADRE DU COURS DE COMM. CREOLE

SOSYO-MAG



Douvan pa pòt Magazin nan

Nou di **Sosyo-Mag**, paske se yon ti magazine ki trete kèk nan fenomèn ki ap fe aktyalite nan mond sila jounen jodi a. souvan popilasyon mondyal la gen anpil dout sou koze sa yo,sa menm konn fe gwo deba pou yo ka rive jenn kèk solisyon,men jouk koulye a yo tabli yon teren antant ak moun kip a vle dakò sou pretèks relijyon, oubyen yo pa save pou konprann kek nan yo. Se pou sa nou menm jèn ki yon tikras kiltive nou te we l plis ke nesesè pou nou ta fe yon ti kout jesou ansanm fenomèn mondyal sa yo. Kote nou pral gade ansanm :kote yo soti ? kisa ki pwodui yo ?zefè yo gen sou mond sila oubyen sou lavi moun kap viv ladan l yo. Nan di magazine nou pale de :

Pwostitisyon timoun

Omoseksyalite

Adiksyon moun gen pou dwòg

Pwostitasyon sou timoun

Anvan m pale nou de pwostitasyon sou timoun nan fok nou konnen kisa pwostitasyon an ye?konbyen tip ki genyen? E ki kote aktivite sa fet?

Pwostitasyon an se yon flewo ki finn pran mond lan pou li, se yon aktivite kote yon moun aksepte fe bagay avek yon lot moun a kondisyon ke moun sa jwenn yon bagay an retou tankou drog,kleren,lajan ,afeksyon oubyen yon sevis kelkonk

Gen plize tip pwostitasyon:

Gen pwostitasyon sou timoun

Gen pwostitasyon sou granmoun

Aktivite sa fet plize kote tankou nan kleb,nan lari sa yo rele anba poto a,gen salon masaj ki ofri sevis sa,gen gwoup gang ki fe l, gen ajans tou.

Men janm te di a jodia mwen chwazi pale nou sa ki pi grav la kise pwostitasyon sou timoun nan.Pwostitasyon sou timoun nan se jan nom an di l la yon pil timoun ki ap vann tet yo pou lajan,rad,afeksyon oubyen yon sevis kelkonk

Ki kategori timoun ki fe aktivite sa ?

Kategori timoun ki lage ko yo nan vi sa ,se souvan timoun ki pov,ki pa gen paran oubyen ki gen de paran irresponsab ki voye timoun yo nan lari a pou yo okipe kay la. Defwa tou se timoun ki konn koute zanmi ki lage ko yo ladan.

Kisa ki lakozli ?

Koz pwostitasyon sou timoun nan anpil men nan ti anket nou mennen nou jwenn yon paket di nou se mank lajan ,mank afeksyon,...

Ki konsekans aktivite sa ap gen sou timoun sa yo ?

Timoun kap fe aktivite sa riske ansent anvan le,pran dechiri nan pati siperie yo, pran gwo maladi tankou SIDA, enfeksyon, klamedia esetera, san konte maladi sykologik ki kap fe yo pedi konfyans nan tet yo ak nan moun, lawont,la kole,yo ka vinn gen degoutans pou lavi a jis yo mande lanmo, li ka vinn fe yo lage ko yo nan kleren,dwog de sibstans k i pa bon pou ko yo.

Koman yo ka kanpe aktivite sa ?

Aktivite sa ka kanpe oubyen pratik li ka bese si leta antre nan lit la, se mete de lwa ki pou anpeche pwostitasyon sou timoun nan,pou paran irresponsab yo pran konsyans ke se yo ki pou okipe fanmi an non pa timoun yo , fok gen yon ti chita pale toua k timoun yo esepesyalman sak vilnerab yo tankou sak sa paran yo pou montre yo ke gen plize lot pot yo ka ouve pou yo viv, ke chwazi mwayen sa pou yo viv se

chwazi tonbe nan lot vis tankou alkol,drog,se pou leta,ak lot instans ki konsene yo foute men yo nan pat la pou anpeche timoun yo fini ak lavi yo paske timoun se espwa demen.

BRICE MARIE MEDJINE

« SEXFRIEND »

Ou relem ou jwenn mwen , nenpot kile, nenpot ki kote Mwen relew, le l pa la Ou pran m nenpot koman a goch a dwat, nenpot kile ,nenpot kijan ou bezwen m ou jwenn mwen Mwen jwenn ou le l pa la, le gen reg li oubyen, le l al vizite yon lot peyi Ou fe jalouzi ou frape m Mwen fe jalouzi m reziye m

Ou vinn we m lew vle

Ou gen pwoblem ou rele m nenpot kile

Mwen gen pwoblem m paka relew Mwen dako ou rele m zanmi devan fanm ou M dako pou lap di m sa fanm sa genyen li kole nan kow konsa Paske

podyab li pa konnen si nanm mwen ak ko m makonnen nan pye w

M menm dako pou l rele m , pou l dim ti pelen neg sa marye kite boudal trankil Men le ou nan bra m ou se neg mwen m se fanm ou, le ou nan bra m ou yon neg marye Mwen dako ou rakwoche sou mwen , paske fanm ou sot travay M dako ou banm poto paske li diw

ann soti M dako ou dim

cherie habilles-toi ma femme est en route Le w soti ak fanm ou ou we m ou imilye m, poukisa ? Selman paske ou konnen mwen paka kite w, mwen renmen w twop

Ou pral marye ou fem fe zong ou pase chemiz ou ak pantalonw, poukisa? Selman paske ou konnen mwen paka kite w, mwen renmen w twop, paske w konnen m paka dekonekte ak ou. Depi w dim ou anvi m mwen pare Mwen se depanez ou Ou se vim Lew gen pwoblem nan travay ou se nan bra m ou vini pouw rakontem Mwen se sykolog ou Ou se vim Pitit ou malad ou gen pwoblem kob se kote ou vini Mwen se bank ou

Ou se vi m Mwen pa mennaj ou, m se jis sexfriend ou

Men mwen pa e m pa janm nwi paske se ou mwen vle

BRICE MARIE MEDJINE



Afiche kiyès ou ye

Anpil moun toujou pe montre kiyès yo ye paske y ope kritik sosyete a ka pote.

Defwa tou se yon fason pou moun nan kache sal santi, li deside mal viv jis pou sosyete a pa pale. Kestyon mwen toujou pare pou m poze moun sa yo kap viv pou fe sosyete a plezi an se :

kisa antre bone w e fe sosyete a plezi ki pi enpotans ?

Eske se wol sosyete a pou l jije w ?

Eske jij sa yo miyo ke ou ?

Pi gwo konsey m te ka pote pou moun sa yo se viv laviw janw anvè a pou w pa regret demen.

Cheche antoure w de moun kip a tout tan ap pale moun mal paske li gen poul palew mal tou, ni moun ki toujou ap kritike w, mete moun ou santi w ka montre vre visaj ou kote w.

Retire nan ou tout sa ki ka anpeche w montre kiyès ou ye.

Chase tout move lide ki ka few wont de saw ye a, saw ye a ou pap ka chanje l.

Gren frase pou w met nan tet ou se moun nan pale an byè oubyen an mal de ou sak enpotan se ke li pale sa pwouve ke li panse avè w, paske defwa moun ki plis ap kritikew la se moun ki plis admire w la, li we nan ou yon bagay li pa genyen e ke li ta renmen genyen.

Chak kou lavi a bawou se leve siye jip ou oubyen kansonw epi gad dwat devan pa janm vire gad deye met nan tet ou la ke kote w ye a se yon wout pou w rive kote w vle rive a.

si jodi a ou pa afiche w kilè wap fè l ?

kiyès wa p tann ki pou vinn fè l pou ou ?

Chervil Vanessa

Omosekyalite

Ki kote omosekyalite a soti ?

Omosekyalite a soti Lagres Antik pou plis pesizyon nan yon vil yo rele Aten. Men nan tan sa yo te dako pou yon granmoun ak yon timoun menm sex fe bagay pou granmoun nan ka trasmet konesans li bay timoun nan, men depi timoun timoun nan vinn granmoun yo entedil kontinye ak pratik sa. Defwa tou sete konn met ak esklav ki te konn fe bagay ansanm ke l te fi ke l te gason paske esklav la se te enstriman met la l te ye.

Kisa omosekyalite a ye menm ?

Omosekyalite a se pratik seksyèl yon fanm gen ak yon fanm oubyen yon gason ak yon gason. Gen peyi kote yo rele gason yo « GAY » et fi yo « LESBIENNE » nan peyi Dayiti yo rele gason yo « MASISI » e fanm yo « MADIVIN ». yo souvan idantifye gason ki gen estil fanm kom masisi et fanm ki gen estil gason kom madivin, sa konn rive yo sa vre men defwa se tou senpleman yon gason ki santi l femen nan ko fanm oubyen yon fanm ki santi l femen nan ko yon gason, sykolog yo rele sa souvan « kriz idantite »

Konbyen tip omosekyèl ki genyen ?

Gen plizye tip omosekesyèl genyen :

1-Biseksyèl la : ki se yon moun ki fe bagay ni ak fanm ni ak gason pou suiv lamod oubyen paske li renmen moun men sex ave l yo fose l marye ak yon moun ki gen sex diferan. Ka sa souvan repete bo kote nonm ak fanm ki marye.

2-Omoseksyèl pa aksidan: yo souvan remake Pratik sa pandan timoun nan piti oubyen bo kote yon ti jen fanm oubyen gason ki ap fe menm bagay ak zanmi l.

3-Omoseksyèl Pasaje: kategori sa li men m gen plisye soutip ki se :

3-1-kriz idanti seksyèl la : se yon moun pandan yon peryod nan lavi l ap chache konn kiyes li ye e ki idantite seksyèl li, eske li renmen fanm oubyen eske li renmen gason.

3-2-kompetisyon seksyèl la : se yon moun ke l te fanm ke l te gason nan yon peryod nan lavi l anvi konpere nivo andirans li pa rapo ak yon moun ki gen men sex ave l.

3-3-Moun ki renmen konnen an : se yon moun ki deside fe bagay ak yon moun ki gen menm sex ave l pou l ka konnen kisa yon moun santi le l fe sa oubyen paske moun nan anvi goute lot plezi ki gen nan lavi a.

3-4 -Omosekesyèl pou ti moman : se yon moun kif e bagay ak yon moun men sex ave l paske kote l ye a pa gen posibilite pou l jwen moun lot sex la. Yo jwen ka sa souvan bo kot solda yo oubyen moun ki nan prizon yo.

4- Moun ki chwazi sa: yo toujou pou yon rezon oubyen yon lot di moun sa yo fet konsa, moun sa yo de pi tou piti gen atirans pou moun ki gen menm sex ave l la gen sykolog ki di se yon yon moun le l te piti ki te

rate yon peryod nan lavi l ou byen li gen sa yo rele nan lang franse a « Blocage affectif » andan kategori sa gen de sou kategori ki se:

4-1-Moun ki refoule a : se yon moun ki deside kache sa l santi paske l wont, pou sosyete a oubyen fanmi l pa wont oubyen tou akoz relijyon l.

4-2-Moun ki asime a: se moun ki aksepte tet li janl ye a,ki afiche l nan je tout moun e ki pa okipe kritik sosyete a.

Pèsonalite moun ki vinn konnen li omoseksel la

Nan sykoloji yo idantifye kat pesonalite yon moun ka prezante le li dekouvri li omoseksyel ki se :

Gason pafe : gason pafe a se yon timoun ki wont de sa l ye a ki ap chache kache sa,kategori moun sa yo konn fo lekol,oubyen gwo espotif e li konn difisil pou antoraj moun sa konnen ki orientasyon seksyel li. E nan yon moman nan lavi l pou yon rezon ou pou yon lot konn deside afiche l le sa yo konn di se yon etap li pat viv pandan l timoun ke li ap chache ratrape pandan l granmoun, e si moun sa te gentan marye sa konn met gwo pwoblem nan fanmi sa.

Prekos la : kategori sa se moun byen bone deside montre tout moun kiyes liye san reflechi ak konsekans zak sa pral mennen. Moun sa konn vinn souvan adikte a alkol oubyen ak dwog paske li paka sipote kritik mou nap bali,e li konn menm rive nan yon nivo pou l touye tet li paske yo pa aksepte l jan l ye a.

Agranman nan lag frase a yo rele moun sa Caméléon : se yon moun ki pran fonm kote l ye a,se yon moun ki toujou ap jwe yon wol kip a janm limenm tout bon, si l avek yon pil omofob limenm tou li ap omofob e si l avek omoseksyel li ap omoseksyel. Kategori moun sa konn souvan pe bwe alkol paske alkol la montre kiyes ou ye, le li bwe l li konn gen tandans koze ak moun menm sex avel olye pou l fe kontre a.e li konn gen anvi touye tet li.

Rebel la : kategori sa se li ki pi ra, se yon moun ki fò, ki afiche l san li pa okipe l te pawol moun,ou pap jwenn moun ki anvi touye tet yo nan kategori sa ni moun ki adikte.

Kisa ki lakoz bagay sa yo rele omoseksyalite a ?

Koz omoseksyalite a se souvan :

Mank lajan

Mank afeksyon

Paske zanmi yo fe l

Paske yo anvi goute lot plezi



Paske yo pa jwen lot sex la kote yo ye a
Paske yap chache vre idantite yo ect...

Kisa li koze ?

Pratik sa koze anpil gwo maladi esepyalman pou gason ak gason paske anis lan ki se yon aparey ki la pou l jete tout sa ko a pa bezwen paf et pou l resevwa yon organe tankou pati sipere fi a fet pou sa.li konn bay :

Sida

Kanse nan anis

Enfeksyon ect..

Temwayaj

Nan yon rankont nou te genyen ak youn nan moun sa yo ki se pou plis pwesiyon manb fondate yon organisasyon ki pote nom kouraj te pemet nou konprann fason moun yo viv sa sitou nan peyi Dayiti kote yo poko vle aksepte koze maryaj pou tout moun nan .

1-Kiyès ou ye ?

« Mwen se Charlot Jeudy mwen gen 32 zan mwen fet 1^{er} janvye 1984 nan yon guetto nan sid Potoprens, mwen soti nan yo fanmi 5timoun. Mwen fini lekòl ,e mwen etidye dwa men m pa pratike l. epi mwen se yon militan kap devann dwa masisi,madivin,makome mixte sa yo rele nan entenasyonal la la communaute MGBD »

2-Pale nou de ou antank omozesyèl(eskew fet konsa oubyen ou vinn konsa oubyen yon peryod nan lavi ki few fe chwa sa)« Se yon kesyon ki toujou difisil pou m reponn. Eske ou fet konsa ? Eske ou vinn konsa ? mwen toujou gade l tankou yon dwa. Kem fet konsa, ke m vinn konsa mwen gen yon dwa yo rele dwa sekesyèl, pou mwen menm se sak konte. Konbyen moun ki fet konsa ki rete nan closet kip a deside viv seksyalite sa. »

3-Koman fanmi w ak antouraj ou te viv orientasyon seksyèl sa ?« Sa pa t janm yon pwoblem ni pou manman m ni pou papa m,je me suis toujours considere comme un masisi chanceux. Papa m mouri a 76 zan mwen pa janm sonje yon fwa li dim Charlot poukisa w chwazi fe sa. E mwen raple m le m te jen mwen te ka gen 16zan konsa mwen di manman m ke mwen renmen gason e repons ke l te banm se « pou le moman Charlot al lekòl »mwen pa t konprann repons lan men jan nou konnen kesyon seksyalite nan peyi sa se yon bagay ki tabou, on n'en parle pas,mais pour cette soit disant sexualite accepte qui est l'heterosexualite men m pa ka pale ouvertement. Men nan zon bo lakay mwen yo te konn gade m mal e ti jen gason te toujou pe jwe avèm »

4-Eske gen lot moun nan fanmi w ki omozekeyel ?«Bon, mwen paka di w, men se sèten kapab gen lot ki konsa men mwen poko fe konesans ak yopuisque manmanm soti Ggrandans nan pedi Jeremie e papa soti Gonaive nan yon lokalite yo rele Bwa machan. »

5-Koman w we tet ou nan sosyete sa ki konsidere omoseksyèl tankou yon krim, yon peche e menm yon maladi?

«Mwen we tet mwen tankou yon aktivis, yon militant ki ap poze yon kesyon ke anpil moun pa vle tandè oubyen poko pre pou yo tandè. Paske sa ki pi enpotan se ede moun yo konprann kesyon sa, ede yo konprann tout stigmatisasyon ak diskriminasyon ke sosyete sa ap konnen. Se pou sa nou kreye de oganisasyon pou sa Mennen moun yo non Selman a reflechi sou kesyon sa paske kesyon konpoteman seksyèl se kesyon ke tout sosyete a dwe chita pou l reflechi, ke nou vle l ke nou pa vle l se de konpatriot ayisyen ke nou kondane , ke nou vle l ke nou pa vle l nou kondane pou nou viv ansanm malgre diferans yo. Menm jan nou kapab evolye ak difes relijyon san nou pa gen pwoblem mwen pa we dram ki genyen si gen plize seksyalite. »

6-Kisa kite make w plis antan omoseksyèl?

« Youn nan bagay kite make kite pi gwo deseasyon ke m te genyen se yon zanmi mwen , nou fe de beme a Filo ansanm. Apre nou fini lekòl mwen we l nan lari mwen rele l li pa reponn sa te vreman fe m mal. E apre mwen vinn rankontre yon lot zanmi ki ap dim li di l Cchralot we l nan lari li rele alos ke li se masisi sa te vreman touche. Se sak fe m kwe ke li plis ke nesese pou yo konprann e pou yo soti de tout prejijje sa yo ke yo gen nan tet y opa rapo ak moun ki masisi, madivi, makome , mixte paske se avant ou de sitoyen ki genyen seksyalite yo, ki gen mod de konpoteman sou kabann yo ki pa gade pesonn. »

7-Depi kile asosyasyon sa sou pye ?

« Asosyasyon sa kanpe depi 18 decembre 2011. Anvan nou te yon gwoup masisi ki t ap chache oganize yo nan sans pou nou gen de espas pou nou epanoui nou. »

8-Kisa ki fèt ekzakteman nan asosyasyon sa?

« Nou fe plize bagay premyeman la mobilisation communautaire, nou demoun ki nan kominote sa konn dwa yo ak devwa yo. Nou monte de rezo nan lot vil otre ke potoprens, nou fe le depistage communautaire pemet ke jan nou konnen VIH se yon flewo ki ap frape tout moun e pou moun nan kominote sa li menm pou yo konnen stati sewolojik yo. E si genyen ladan yo ki revele ke yo reyaktif pou nou fe a ce moment la akonpaye yo nan de enstitisyon klasik yo . Paske generalman nou konnen le yon omoseksyèl paret nan enstitisyon sanite yo souvent c'est mal vu, alors ke nou menm nou kreye de kanal ant nou menm ak FOSREF, GESKIO, Femme PEREO de programme de lutte contre le VIH SIDA pou ke moun sa yo jwenn swen nomalman jan pou yo jwen li. E nou fe tou de pledwaye paske si yo atake yon omoseksyèl poutet orientasyon seksyèl li nou fe akonpaye pou li pousuiv delinkan sa lajistis. »

9-A ki pi gwo pwoblem gwoup sa konn konfote ?

« Menas, mwen te ka di diskriminasyon, intimidasyon, vyolans fizik ak sykolojik paske le moun yo ap pale de omoseksyèl genyen kip a menm pran nou pou moun, bet sa yo, abominasyon sa yo, malediksyon sa yo se de bagay ki grav. Pa ekzanp mwen sonje mwen te gen yon jen ki te gen pwoblem nan anus li, l ale nan lopital Lape Delmas 33, gen yon dokte ki di li menm li pa pral manyen li, li p ap opere li paske se yon abominasyon se terib. Zanzet nou yo goumen two lontan pou yo te banou libete pou nou gen tout difikilte sa yo.

10-Eske ou gen pwojet fonde yon fanmi ?

« Oui ! Moi et mon chérie nous avons cela comme projet. Mon chéri lui a déjà une fille, e mwen m konnen adopte yon timoun, menm si nou poko ka marye nan peyi sa, e mwen panse ke se lanmou ki genyen antre nou an ki konte non pas un papier disant que nous sommes mariés. »

11-Eske nan relasyon omoseksyel gen yon fi ak yon gason ?

« Nan kominote nou an gen sa yo rele le penetré et le penetrant oubyen actif, pasif. Se pa paske m se yon penetre kif e m se yon fanm, se pa paske m se yon pasif kif e m son fanm. Mwen kwe byen Simon De BEAUVOIR explike byen kileu yon moun fanm. Se de kliche sa y oye. Men se yon reyalyite tou nan sans ke ou nan kominote a nou gen de rapo kif et tankou fanm ak gason, lot bagay ke moun y opa konprann si yon gason genyen yon relasyon avek yon trans paske gen gason kki renmen tran-lover, trsns lan se yon gason ki we l fanm oubyen yon fanm ki we l gason, le sa nan relasyon an se ap tankou de etewoseksyel yon gason yon fanm. »

12-Ki mesaj ou tap voye bay tout omoseksyel sitou sa kip a affiche yo ?

« Map di tout omoseksyel yo de manye jeneral fok yo antre an rezistans paske yo p ap banou kado sa, sosyete a kle li p ap fe nou kado sa. Fok yo antre nan yon posesis dialog. Paske se selman nan dialog ke n ap vinn pa gen konpreyansyon de pwoblem sa e ke n ap kapab amonize nou. Fok nou dialoge avek moun yose vre ke yo gen jodia yon move pesepsyon pa rapo a kominote sa. Mwen pa di pou yo fe coming out yo si y opa pese risk ki genyen nan zak sa. Coming out nan yon peyi tankou peyi sa se yon gwo dezisyon si yon moun santi l pare fe l men siw pa pare pako fe l. paske se ou ki pou jije risk ki genyen y opa rapo ak zak sa. »

13-Ki mesaj ou tap voye bay tout omofob ki di omoseksyalite a se yon abominasyon ?

« L'homosexualite est une abomination et alors ? Se peut-etre abominasyon pan ou, nan kisa sa deranje. M ap envite yo a gen tolerans, au respect de la dignite humaine parce que les homosexuels ont leurs droits et que tous le monde doivent les respectes. »



Adiksyon moun gen pou dwog

Kisa adiksyon an ye ?

Adiksyon an se yon dependans yon moun genyen pou yon sibstans kelkonk men ke li pa ka retire nan li.

Kisa dwòg la ye ?

Dwog la se tout sibstans chimik oubyen natirel ki kapab change fason yon moun panse,ime l,konpoteman l .Elatriye...

Konbyen tip de dwòg ki genyen ?

Gen plizye tip dwòg pami tout nou ka site:

Kafe

Alkol

Mayiwana

Kokayin elatriye

Koman pou we yon moun adikte?

Yon moun ki adikte se yon moun ki bay sibstan lap konsome a plis enpotans ke manje,bwe,e menm domi,moum ki adikte a difisil pou l idantife adiksyon l la tankou yon malad.

Kisa ki lakoz adiksyon an?

Adiksyon an gen plizye koz men nan ti anket nou te mennen majorite kòz yo se:

Moun ki ap cheche bliye pwoblem yo

Mank afeksyon

Pwostitisyon

Ki sa adiksyon a ka koze:

Lanmo

Prizon

Pedi kontwol tet ou

Mize

Pwoblem nan lang

Pwoblem nan kè

Kansè elatiye...

Temwayaj

Nan yon ti rankont nou te gen ak de twa moun ki nan yon organisasyon yo bay nom APAAC ki chita ko l nan Delams 60 ki ap lite ak moun ki adikte yo pou yon gen yon vi normal men sitou yon vi san dwòg oubyen tout lot sibstans ki ka fe w adikte a li :


Jasmine ki se you ti jen fi ki tap viv ak manman l selman paske yo te divòse. Li te kòmanse pran dwòg depi li te gen onzan paske li pat ka sipote separasyon sa e li kite l a 31 lane li te fe nou konnen ke le li pran dwòg la li te santi l byen, ke li te santi li nan yon lot nivo. Men pi gwo pwoblem li se ke bone li te santi le li te pran dwòg la pat janm rete lontan le sa li te oblije pran plis chak jou e sa ki pi fò se sak te vinn ran li adikte ak dwòg la.

Paolo se yon jen gason ki gen paran l ki italyen men limenm li fet nan peyi Dayiti li pat janm jwen lanmou nan men paran l li te toujou nan kay avek bon nan, e li te toujou met nan tet li gen paran l pi renmen de se l yo ke li, lekol pi gwo pwoblem li se ke li pat ka fe zanmi, li te komanse bwe kleren byen bone pou l te ka santi l byen ,gen yon moman ki rive alkol la vinn pa sifi li lage kol nan dwog. li te rive gen yon fi nan vi l ke li renmen anpi l men ki kite l pou bon zanmi l. li rakonte nou ke lavi l te pedi tout sans li le li pedi fi sa li te lage net ale nan sa yo rele boz la. Li fe prizon twa fwa nan twa peyi. Ke l rete plizye fwa, li antre nan koma men kou li gueri li lage ko l nan dwog jiskaske li te vinn bouke ak lavi l e li te deside fe yo ede l. li di nou ke li konsidere tet li tankou yon mirak paske gen anpil zanmi l boz gentan touye déjà. Paolo gen jounen jodi a twazan depi l pa ni bwe ni fimen e li mande Bondye pou l fe l kenbe sou chimen sa paske l santi l pi byen. Fanmi l ki te ap pouse l kounya kwe nan li.

Nan yon semine nou te suiv nou te dekouvri ke moun ki adikte yo pa panse menm jan ak nou. Yo te dekouvri sa nan yon tès ke plize espesyalis te fè sou rat e li te montre yo ke pou moun ki adikte a sibstans lan pi enpotan ke manje ,bwe e menm domi. ke li pare pou l pran gwo risk jis pou l jwen sibstans sa. È

Chervil vanessa

JÈN KILTIVE



VANESSA CHERVIL



MARIE MEDJINE BRICE